# 1 Timote

## 1

### Njàngale bu dëggu bi

[1] Man Póol di ndawu Yeesu Almasi bi jaarale ko ci ndigalu Yàlla
sunu musalkat ak Yeesu Almasi bi sunu yaakaar, [2] maa ngi lay nuyu,
yaw Timote, sama doomu bopp ci ngëm gi. Na la Yàlla Baay bi ak
sunu Boroom Yeesu Almasi bi may yiw, yërmande, ak jàmm.
[3] Bi may dem diiwaanu Maseduwan, ñaax naa la ngir nga des
dëkku Efes ndaxte am na fa ñuy jàngale lu dëgguwul. Digal leen ñu
bàyyi ko, ni ma la ko waxe woon. [4] Wax leen ñu baña takku ci
nettali yu dëgguwul ak ci limi maam yu dul jeex mukk. Mbir yooyu
ay werante rekk lañuy jur te duñu jëmloo ci kanam tëralinu Yàlla
bi nu xam jaarale ko ci ngëm gi.
[5] Sunu njàngale mi, li ko taxa jóg mooy mu jur mbëggeel bu jóge ci
xol bu set, xel bu amul lu muy ŋàññe boppam, ak ngëm bu dëggu.
[6] Am na ñenn ñu won gannaaw sunu njàngale moomu ba réer ci ay
werante yu amul benn njériñ. [7] Ñoom, dañoo bëgga nekk ay
jàngalekatu yoonu Musaa, waaye xamuñu dara ci li ñuy wax walla
ci mbir yi ñuy dëggal ak doole.
[8] Nun, xam nanu ne yoon bi baax na, su fekkee ne nu ngi koy
jëfandikoo ni mu ware. [9] Fàww nu xam ne yoon bi, tëraluñu ko ngir
ñu jub ñi, waaye ngir ñu jubadi ñi, fippukat yi, ñu soxor ñi, ak
bàkkaarkat yi; ngir ñi joxul Yàlla cér te fonkuñu lu sell; ngir ñiy rey
seen baay walla seen yaay, ak yeneen reykatu nit yi, [10] ñiy dund ci
njaaloo, góor-jigéen yi, ak ñiy jaay seen moroom ni jaam, fenkat yi
ak ñiy waat ci lu dul dëgg, ak ñépp ñuy def lu wuute ak njàngale bu

dëggu bi. [11] Njàngale bu dëggu boobu moo dëppoo ak xibaar bu baax
bi ma Yàlla dénk, biy feeñal màggaayu Yàlla di boroom barke.

### Póol mu ngi sant Yàlla tey ñaax Timote

[12] Maa ngi gërëm sunu Boroom Yeesu Almasi bi, moom mi ma
dooleel, ndaxte moo ma àtte ni ku gore, ci ni mu ma tànne ngir ma
liggéeyal ko, [13] man mi nga xam ne, bu jëkk, dama doon wax lu
ñaaw ci moom, di ko fitnaal, te di ko saaga. Waaye Yàlla yërëm na
ma ndaxte dama doon jëf ci ñàkka xam, ndax ñàkka gëm. [14] Te yiw
bi ma sunu Boroom Yeesu Almasi bi may baawaan na ci man. May
na ma ngëm ak mbëggeel bu jóge ci moom. [15] Lii kàddu gu wóor la,
gu ñépp wara nangu: Yeesu Almasi bi ñëw na ci àddina si ngir
musal bàkkaarkat yi, te man, maa ci gëna yées. [16] Waaye lii moo tax
Yàlla yërëm ma: ngir Yeesu Almasi bi wone muñam gu réy ci man,
mi gëna yées ci bàkkaarkat yi. Def na loolu ngir ma nekk royukaay
ci ñi nara gëm ci moom ngir jot dund gu dul jeex gi.

[17] Na ñépp sargal Yàlla te màggal ko ba fàww. Moom mooy Buur bi
sax ba fàww, du dee mukk, te kenn mënu ko gis. Moom rekk mooy
Yàlla. Amiin!

[18] Yaw Timote sama doom, ndigal bi ma lay dénk, dafa dëppoo ak
kàddu yi ñu waxoon ci turu Yàlla jëmale ko ci yaw, mooy nga
gànnaayoo kàddu yooyu ngir xare xare bu baax bi. [19] Ngir xare xare
bu baax boobu, fàww nga téye ngëm gi te nga dund ci anam bi nga
xam ne sa xel du am lu mu lay ŋàññe. Ñenn ñi dañoo tàggoo ak
mbir yooyu ba tax ñu ñàkk seen ngëm. [20] Am na ci seen biir Imene
ak Alegsàndar. Jébbal naa leen Seytaane ngir, su leen metitalee, ñu
jàng bañatee wax ci Yàlla lu ñaaw.

# 2

### Póol mu ngi dénk mbooloo ñi gëm ci lu jëm ci ni ñuy màggale Yàlla

[1] Sama sas bu jëkk ci mboolooy ñi gëm mooy ñu indi ñépp ci
kanamu Yàlla ngir ñaanal leen, saraxtul leen, tey gërëm Yàlla ngir
ñoom. [2] Nañu ñaanal buur yi ak ñépp ñi nekk ci nguur, ngir nun, nu
mëna dund ci jàmm ak dal ànd ak takkute ci Yàlla ak dundin bu
baax. [3] Loolu mooy li baax te neex Yàlla sunu Musalkat, [4] moom mi
bëgg nit ñi ñépp mucc te xam dëgg gi. [5] Ndaxte benn Yàlla doŋŋ
moo am, ak kenn rekk kuy juboole Yàlla ak nit ñi. Nit kooku mooy
Yeesu Almasi bi, [6] mi joxe bakkanam ngir fey boru bàkkaaru ñépp.
Loolu mooy seede bi mu joxe ci waxtu bi ko Yàlla bëgge. [7] Yàlla tànn
na ma ni waarekat ak ndaw ngir ma yégle seede boobu tey jàngal ñi
nekkul Yawut lu jëm ci ngëm gi ak dëgg gi. Dëgg bu wér péŋŋ la;
fenuma.

[8] Looloo tax ma bëgg góor ñi di ñaane fu nekk di yékkëti ay loxo
yu set ci asamaan te baña ànd ak mer walla xuloo.

[9] Noonu tamit bëgg naa jigéen ñi di sol yére yu jot, ànd ak sutura
ak woyof. Bu ñu di léttu létt yu fés walla ñuy takk wurus walla per
walla ñuy sol yére yu njég li bari, [10] waaye na seen solu nekk jëf yu
baax. Loolu mooy li jekk ci jigéen yiy wax ne dañoo takku ci Yàlla.

[11] Na jigéen ñi jot njàngale mi ci dal ànd ak déggal gu mat sëkk.
[12] Mayuma jigéen muy jàngale walla muy jël kilifteef ci kaw góor.
Waaye na dal. [13] Ndaxte Aadama la Yàlla jëkka sàkk, door cee teg
Awa. [14] Te du Aadama la Seytaane naxoon, waaye ku jigéen ki, ba
mu ñàkka déggal ndigalu Yàlla. [15] Ci jigéen la ki koy musal di
soqeekoo. Noonu nag, jigéen ñi dinañu mucc su ñu saxee ci ngëm,
mbëggeel, sellaay, ak woyof.

# 3

### Melokaanu njiiti mbooloo ñi gëm

1 Lii kàddu gu wóor la: su nit bëggee bokk ci njiiti mbooloo ñi gëm,
liggéey bu baax la bëgg. 2 Njiitu mbooloo ñi gëm dafa wara nekk nit
koo xamante ne kenn amul lu mu koy ŋàññe. Dafa wara yem ci
benn soxna, teey, ànd ak sagoom, am faayda, ku mëna dalal ay gan,
te mëna jàngale. 3 Warul nekk màndikat, te warul nekk nit ku tàng,
waaye dafa wara lewet te dal, te alal waru ko jiital. 4 Na nekk kuy
jiite bu baax këram te yar ay doomam ngir ñu déggal ko te jox ko
cér. 5 Ndaxte bu nit mënul jiite këram ni mu ware, naka lay jiite
mbooloo ñi Yàlla moom. 6 Warula nekk kuy dooga tuub ci ngëm gi
ngir mu baña fees ak réy-réylu te Yàlla bañ ko teg daan ni mu tege
daan Seytaane. 7 Te it, dafa wara am seede bu rafet ci nit ñi bokkul
ci mbooloo ñi gëm ngir ñu bañ koo wax lu ñaaw te mu baña daanu
ci fiiru Seytaane.
8 Ñiy dimbali njiit yi ci seen liggéey war nañu am faayda te dëggu.
Waruñu nekk ay màndikat walla ñuy wut xaalis bu lewul. 9 War
nañu sax ci dëgg gi Yàlla feeñal ci ngëm gi, ba tax seen xel du am lu
mu leen di ŋàññe. 10 Ñoom, war nañu leen seetlu ba noppi, te noonu
bu ñu amul dara lu ñu leen di ŋàññe, ñu mëna tàmbalee liggéey.
11 Jigéen ñiy dimbali njiit yi tamit war nañu am faayda, waruñu
nekk ay nit yuy jëw seeni moroom, war nañu teey te ñu wóolu leen
ci lépp. 12 Ñiy dimbali njiit yi war nañu yem ci benn soxna rekk te
ñu jiite bu baax seeni doom ak seeni kër. 13 Ci noonu ñi ci matal bu
baax seen liggéey dinañu leen jox cér bu mat sëkk, te dinañu mëna
wax ak kóolute ci ngëm gi ñu am ci Yeesu Almasi bi.

### Yàlla feeñal na li nëbbu woon

14-15 Yaakaar naa ne dinaa la seetsi bala yàgg, waaye mën na am ma
yéexa ñëw. Moo tax ma lay bind bataaxal bii, ngir nga xam ni ñu
wara dunde ci njabootu Yàlla, maanaam mbooloo ñi gëm te Yàlla
Aji-Dund ji moom leen. Mbooloo moomu mooy kaaraange ak
wéeruwaayu dëgg gi. 16 Li wóor mooy, li nëbbu woon ci sunu ngëm
te Yàlla feeñal ko, lu réy la!

Almasi bi feeñu na, nekk nit,
Xel mu Sell mi wone na ne ku jub la,
feeñu na malaaka yi,
nit ñi yégle ko ci ñi nekkul Yawut,
gëm nañu ko ci àddina si,
Yàlla yékkëti na ko ci màggaay.

## 4

### Póol mu ngi artu nit ñi ci njàngale yu dëgguwul yi tey ñaax Timote

1 Xel mu Sell mi wax na ci bu leer ne ci jamono yu mujj yi ñenn ñi
dinañu bàyyi ngëm gi ngir topp ay xel yu leen di nax, ay njàngale
Seytaane, 2 ak ay nit yu naaféq te nekk ay fenkat. Nit ñooñu ñu
topp, seen xol dafa dërkiis. 3 Ñuy jàngale ne waruñu séy te waruñu
lekk yenn xeetu lekk yi. Moona Yàlla moo sàkkal lekk yooyu ñi gëm
te xam dëgg gi, ngir ñu di leen lekk ak cant. 4 Ndaxte lépp li Yàlla
sàkk lu baax la te waruñu ci tere lenn, su fekkee ne nu ngi koy
jëfandikoo ak cant, 5 ndaxte Yàlla moo ko sellal, jaarale ko ci
kàddoom ak ci ñaan yi.

6 Jàngalal loolu lépp mbokki gëmkat yi. Noonu dinga nekk surga
bu baax bu Yeesu Almasi bi, tey dunde kàddu ngëm gi ak njàngale
bu baax bi nga topp. 7 Waaye moytul nettali yu dëgguwul yi te

amuñu njériñ. Wànte tàggatal sa bopp ci takku ci Yàlla. [8] Tàggat
yaram njériñam am na fu mu yem, waaye takku ci Yàlla am na
njériñ ci lépp, ndaxte ci moom la dige dund gi nekk, ci àddina sii ak
ci àllaaxira. [9] Loolu kàddu gu wóor la gu ñépp wara nangu. [10] Waaw,
looloo tax nuy liggéey tey góor-góorlu, ndaxte danoo teg sunu
yaakaar ci Yàlla Aji-Dund ji, moom miy musalkatu ñépp, rawatina
ñi gëm.

[11] Dénk leen loolu lépp te nga jàngal leen ko. [12] Bu la kenn xeeb
ndax say at yu néew, waaye na nga nekk royukaay ngir mbokki
gëmkat yi, ci kàddu, ci jëfin, ci mbëggeel, ci ngëm, ak ci sa dund bu
set. [13] Na nga sax di jàng Mbind yu sell yi ci kanamu ñépp, di ko
waare te di ko jàngale ba keroog may ñëw. [14] Bul sàggane mayu Xel
mu Sell mi nekk ci yaw, bi nga jot jaarale ko ci kàddu yonent yi,
keroog bi la njiiti mbooloo ñi gëm tegee loxo. [15] Nanga farlu ci loolu,
nga sóobu ci liggéey bi bu baax, ngir ñépp gis say jéego. [16] Bàyyil xel
ci sa dundin ak ci sa njàngale. Saxal ci loolu, ndaxte sooy jëfe
noonu di nga mucc, yaw ak ñi lay déglu.

# 5

### Ndigalu Póol ci lu jëm ci jigéen ñi ñàkk seen jëkkër

[1] Booy yedd góor gu mag bu ko gëdd, waaye ñaax ko ni ngay waxe
ak sa baay. Waxambaane yi, nga def leen ni say rakk, [2] jigéen yu
mag yi, ni sa yaay, te xale yu jigéen yi, ni say jigéen te seen
diggante set wecc.

[3] Jigéen ñi ñàkk seen jëkkër te ñu des ñoom kese, toppatoo leen te
nga jox leen cér. [4] Jigéen ji ñàkk jëkkëram te yor ay doom walla ay
sët, na ñooñu jëkka wone seen takkute ci Yàlla ci seen biir kër, di
delloo njukkal seen waajur, ndaxte loolu moo neex Yàlla. [5] Ki ñàkk
jëkkëram, des moom kese, te amul kenn ku koy jàppale, day teg

yaakaaram ci Yàlla te du noppi di ko ñaan te di sàkku ci moom
ndimbal guddi ak bëccëg. 6 Waaye ki ñàkk jëkkëram tey dund ci li
ko neex, dee na ba noppi su fekkee sax mu ngi dund. 7 Fàttali leen
loolu, ngir ñu baña am lenn lu ñu leen mëna ŋàññe. 8 Nit ki dul
toppatoo mbokkam, rawatina waa këram, weddi na ngëm gi, te nit
kooku moo gëna yées ki amul ngëm.
9 Jigéen ju ñàkk jëkkëram, bala ñu koy lim ci ñi mbooloo ñi gëm
wara jàppale, war na am juróom benn fukki at jëm kaw, te itam mu
nekk ku yemoon ci jëkkëram rekk. 10 Moom war na nekk nit ku ñuy
seedeel jëf yu baax: maanaam yar bu baax doomam yi, di dalal gan
yi, tey raxas tànki ñi Boroom bi moom, di wallu ñi nekk ci coono, ak
di jëf bépp jëf bu baax. 11 Wànte nag, jigéen ñi ñàkk seen jëkkër te
nekk ndaw, bu leen boole ci lim bi, ndaxte su leen seen bëgg-bëgg
xiiree ci bëgga séyaat, dañuy sori liggéeyu Almasi bi. 12 Loolu dina
tax Yàlla àtte leen ndaxte mataluñu dige bi ñu defoon bu jëkk. 13 Te
itam dañuy mujje tayel te tàmm di dem kër ak kër. Li ci gëna bon
mooy dañuy réy làmmiñ, di dugg ci lu seen yoon nekkul, tey wax lu
amul benn njériñ. 14 Kon nag bëgg naa ñi ñàkk seen jëkkër te nekk
ndaw séyaat, ñu am ay doom te toppatoo seen kër. Bu booba, duñu
may noon yi bunt ngir ñu wax lu ñaaw ci nun. 15 Ndaxte am na ñu
ñàkk seen jëkkër te bàyyi yoon bu jub bi ngir topp Seytaane.
16 Jigéen bu gëm, bu amee ci njabootam ku ñàkk jëkkëram, da ko
wara jàppale. Su booba, mbooloo ñi gëm du ko jàppale ngir mëna
jàppale yeneen jigéen yi ñàkk seen jëkkër te amuñu kenn ku leen
jàppale.

## Ndigalu Póol ci lu jëm ci njiit yi

17 Njiit yiy jiite bu baax mbooloo ñi gëm, yelloo nañu peyoor ak ñu
jox leen cér, rawatina ñiy sonn ci waare bi ak ci njàngale mi.
18 Ndaxte Mbind mi nee na: «Bul tàkk gémmiñu nag biy bojj» te

«liggéeykat bi yelloo na peyooram.» [19] Bul nangu ñu tuumaal njiit ci
sa kanam feek amul ñaar walla ñetti seede. [20] Su amee ay njiit yu
bàkkaar, yedd leen ci kanamu ñépp ngir ñi ci des ragala def ni
ñoom.
[21] Maa ngi lay dénk ci kanamu Yàlla, Yeesu Almasi bi, ak malaaka
yu tedd yi: nga sàmm ndigal yooyu te baña gënatle mbaa di par-
parloo. [22] Bul gaawantu di teg loxo nit ngir fal ko njiit. Bul bokk ci
bàkkaari ñeneen ñi. Na sa dund sax ci set.
[23] Bul yem ci naan ndox rekk, waaye jëlal tuuti biiñ ngir faj say
metitu biir ak say jàngoro yu bari.
[24] Am na ñu seeni bàkkaar di fés laata ñu leen di àtte. Te am na
ñeneen, seeni bàkkaar du feeñ bu dul ca bésu àtte ba. [25] Noonu la jëf
yu baax yi mel. Dañu leen di gis ba mu leer. Yi nga xamante ne
feeñaguñu, kenn mënu ko nëbb lu yàgg.

# 6

## Ndigalu Póol ci lu jëm ci jaam yi

[1] Na ñépp ñi nekk jaam jox cér gu mat sëkk seeni njaatige, ngir
kenn baña wax lu ñaaw turu Yàlla ak sunu njàngale mi. [2] Jaam yi am
ay njaatige yu gëm, waruñu leena yab ndax ni ñu nekk seeni
mbokk. Waaye nañu leen gëna liggéeyal bu baax ndaxte ñiy jériñoo
seen liggéey ay gëmkat yu nu sopp lañu. Loolu nga leen wara jàngal
te di leen ci ñaax.

## Alal ju wóor ji

[3] Su amee kuy jàngale leneen te nanguwul kàddu yu dëggu yu
sunu Boroom Yeesu Almasi bi, te nanguwul tamit njàngale mi
dëppoo ak ngëm gi, [4] nit kooku dafa fees dell ak réy-réylu te xamul
dara. Dafa am feebar bi koy xiir ci waxtaan ak werante ci li baat yi
di tekki. Loolu day andi iñaan, xuloo, wax ju ñaaw, ñaaw njort, [5] ak

waxtaan yu dul jeex. Ñiy jëfe noonu, seen xel dafa ñaaw te
xamatuñu dëgg gi. Ñoom dañoo xalaat ne gëm ci Yàlla wutukaayu
alal la. 6 Ba tey, gëm ci Yàlla alal bu mag la, su fekkee nit ki doylu ci
li mu am. 7 Ndaxte andaalewunu dara ci àddina si, te mënunu
yóbbaale dara. 8 Su fekkee nag am nanu lu nuy lekk ak lu nuy sol,
war nanu doylu ci loolu. 9 Waaye ñi bëgga am alal dinañu daanu ci
nattu, ba dugg ci fiiru seen bëgg-bëgg yu bari yu amul njériñ te
bon. Bëgg-bëgg yooyu ñooy dugal nit ñi ci yàqute ak ci sànkute,
10 ndaxte mbëggeelu xaalis mooy jur bépp xeetu mbon. Am na ñiy
wut xaalis ba tax ñu sori yoonu ngëm gi te teg seen bopp metit yu
bari.

11 Kon nag yaw nitu Yàlla bi, dawal ba sori mbir yooyu, te nga wut
njubte, takkute ci Yàlla, ngëm, mbëggeel, dëgër-dëgërlu, ak lewet.
12 Na nga xare xare bu baax bi ngir wéy ci ngëm gi. Téyeel dund gu
dul jeex gi, bi nga xam ne Yàlla moo la ci woo woon, te nga waxoon
ko bu baax ci kanamu seede yu bari. 13 Maa ngi lay dénk ci kanamu
Yàlla mi di jox lépp dund, ak ci kanamu Yeesu Almasi bi mi seede
woon ci kanamu Poñsë Pilaat seede bu rafet: 14 sàmmal ndigal
boobu, nga baña am gàkk walla lenn lu ñu lay ŋàññe, ba bés bi sunu
Boroom Yeesu Almasi bi di feeñaat. 15 Yàlla mooy ki koy feeñalaat ci
waxtoom. Moom mooy boroom barke te moom rekk moo yilif lépp,
buuru buur yi ak boroomu boroom yi. 16 Moom rekk mooy ki dul
dee, moom moo dëkk ci leer bu kenn mënula jege. Kenn mësu ko
gis te nit mënu ko gis. Moom moo yelloo teraanga ak kàttan ba
fàww. Amiin.

17 Boroom alal yi ci àddina sii, dénk leen ñu baña réy-réylu te ñu
baña teg seen yaakaar ci alal yu wóorul yi. Waaye ñu teg seen
yaakaar ci Yàlla, moom miy joxe lépp ba mu ne gàññ, nu ciy
bànneexu. 18 Ñaax leen ñuy def lu baax, ñu bari ay jëf yu rafet, ñu

yéwén tey séddoo ak ñeneen ñi. [19] Te ci noonu dinañu dajale alal bu
baax te wóor ngir mëna jot dund gu dul jeex gi ci àllaaxira.
[20] Céy yaw Timote, sàmmal bu baax li la Yàlla dénk. Te nga moytu
ay wax yu amul benn njériñ te wuute ak ngëm gi. Moytul tamit
werante boo xam ne ñeneen ñi, dañu koy jàppe xam-xam, waaye
dëgguwul. [21] Am na ñenn ñu gëm ne am nañu xam-xam boobu ba
mujje sori ngëm gi. Na yiwu Yàlla nekk ak yeen ñépp.